



Pou Piblikasyon Imedya: 26/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PWOJÈ ENFRASTIKTI VÈT KI KOUTE 13 MILYON DOLA NAN BROOKLYN AK QUEENS

### *Pwojè a ranfòse rezistans, amelyore kalite dlo Harbour, ak diminye polisyon*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman yon pwojè ki koute 13 milyon dola pou enstale amelyorasyon enfrastrikti vèt nan plizyè kote toupre Jamaica Bay. Pwojè Biwo Retablisman apre Tanpèt Gouvènè (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR) a te gen ladann jaden plivyal, barik plivyal, ak yon estrikti lonbraj pou bese inondasyon, amelyore sekirite lari yo, epi redwi polisyon atravè tout [kominote nan Sid Brooklyn ak nan Sid Queens yo](#). 123 resous yo konstwi yo jere plis pase 30 milyon galon dlo lapli chak ane.

"Nou rete konsantre sou pwojè finansman ki sipòte objektif klima k ap mennen nan nasyon nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwojè enfrastrikti vèt 13 milyon dola sa a nan Jamaica Bay pral diminye polisyon, bese inondasyon, ak amelyore rezistans pou fè fas a tanpèt ki pi fò yo. New York pral kontinye aplike bon jan politik ki panse pou lavni epi fè investisman estratejik pou konbat efè chanjman klimatik yo."

**Direktris Ekzekitif Biwo Retablisman Tanpèt Gouvènè a, Katie Brennan, te deklare**, "Enfrastrikti vèt yo ede Nouyòkè yo alafwa bese chanjman klimatik yo epi adapte yo ak efè li yo. Nou fyè dèske pwojè inovatè sa a ap fè kominote ki pa reprezante ase yo sou plan istorik nan Brooklyn ak Queens vin pi rezistan epi yo pi byen kapab reziste kont tanpèt alavni yo."

Kalite enfrastrikti vèt ki enkli nan pwojè sa a pral amelyore rezistans kominotè lè yo diminye inondasyon ak amelyore sekirite lari yo sou wout ki inonde souvan men ki sèvi kòm wout evakyasyon enpòtan. Sa ki enpòtan, mezi sa yo amelyore kalite dlo pò yo tou, redwi polisyon lè yo absòbe gaz ki lakòz efè sè, epi anbeli peyizaj lari lokal yo.

Jadin pliyal, ki gen ladan yo ranpli yon zòn ak tè ak enstalasyon plantasyon, ka bati nan liy twotwa wout la pou devye ekoulman dlo lapli anvan li ka rive nan sistèm egou minisipal la. Dlo lapli a kaptire, alimante plante yo tankou zèb, plant oswa pye bwa, epi li enfiltre nan tè a. Yo kapab tou enstale nan lakou pou kaptire dlo lapli olye ke yo anvayi enfrastrikti egou minisipal la. Estrikti lonbraj yo bay solisyon kreyatif pou koleksyon dlo lapli lè yo pran dlo sou do kay la epi kanalize l nan yon barik plivyal ki tou pre pou

estoke li. Yo non sèlman diminye chaj sou sistèm drenaj minisipal la, men tou yo pwodui yon sous dlo renouvlab pou itilize nan jaden yo.

Mezi enfrastrikti vèt yo te aplike nan:

- [P.S. 993Q & M.S. 72Q nan Rochdale, Queenss](#) - yo te transfòme teren pave ki te deja egziste a an yon gwo zòn kominotè ki gen plizyè itilizasyon ak twa jaden plivyal, espas edikatif ak plantasyon rezistan, ansanm ak yon estrikti lonbraj. Jaden yo, ki antretni pa elèv yo, yo ap itilize kòm zouti edikatif pratik pou aprann sou nitrisyon, byoloji, agrikilti, ak konsèvasyon dlo.
- Far Rockaway, Queens - Yo te enstale nèf jaden plivyal nan liy twotwa wout la nan zòn ant Beach 108th rive 94th Street, soti nan Rockaway Beach Boulevard rive Shore Front Parkway. Zòn pwojè a gen ladan Surfside Apartments ak Belle Shore Condominiums.
- Gravesend/Bensonhurst - Yo te enstale 39 jaden plivyal nan liy twotwa wout la nan zòn ant West 7th Street ak Ocean Parkway, soti nan Avenue P rive nan Avenue R ak Highland Avenue.
- Midwood/Flatlands (Southeast Brooklyn) - Yo te enstale sèt jaden plivyal nan liy twotwa wout la nan zòn ant Nostrand Avenue ak Flatbush Avenue, soti nan yon chemen ki konekte Kings Highway, Avenue N, ak nan sid Flatlands Avenue rive nan Avenue P.
- Canarsie - Yo te enstale 12 jaden plivyal nan liy twotwa wout la nan zòn ant 88th Street ak Rockaway Parkway, soti nan Avenue J rive nan Avenue K.
- Idlewild - Yo te enstale 53 jaden plivyal nan liy twotwa wout la nan zòn ant 135th Avenue rive nan 142nd Avenue ak 248th Street, soti nan Brookville Boulevard rive nan Hook Creek Boulevard.

Pandan Siklòn Irene ak Tanpèt Sandy, kominote sa yo te fè fas ak gwo chit lapli ak vag tanpèt ki te lakòz gwo inondasyon sou wout yo. Depi lè sa a, FEMA te elaji kat inondasyon nan zòn sa yo yon fason konsiderab. Dlo aji kòm yon fwontyè natirèl pou kominote sa yo kit se Jamaica Bay, Fresh Creek, oswa Atlantic Ocean (Oseyan Atlantik). Konsantrasyon nan kalite bilding yo jwenn nan kominote sa yo prezante anpil defi nan modènizasyon pou rezistans pou enfrastrikti vèt ka yon zouti ki nesèsè anpil.

Pwojè a te konplete nan patenarya ak Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) ak Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal (Department of Environmental Protection) Eta New York la. Lidè kominote yo te rasanble nan P.S. 993Q @ M.S. 72Q pou selebre finisman pwojè a.

### **Komisè Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal Vil New York la, Rohit T.**

**Aggarwala, te deklare,** "Pandan n ap kontinye konstriksyon istorik 2.5 milya dola rezo egou kont siklòn Sidès Queens lan, ogmantayon enfrastrikti vèt la ka ede nou jere dlo lapli, bese inondasyon ak amelyore sekirite piblik. Mwen remèsye patnè nou yo nan

Biwo Gouvènè a ak nan Otorite Dòtwa epi nou espere ajoute jaden plivyal sa yo nan pòtfèy enfrastrikti vèt Vil la."

**Reprezantan Gregory Meeks, te deklare,** "Vil New York kontinye eksperimente evènman klimatik grav k ap frape zòn tankou Rochdale ak Rockaways sevèman. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou finisman pwojè Enfrastrikti Vèt Konplè a, ki pral ede zòn sa yo kenbe tèt ak tanpèt ak evènman ijans alavni yo. M ap kontinye travay ak kòlèg mwen yo nan nivo federal pou asire ke finansman ki soti nan Pwojè Lwa Bipati pou Enfrastrikti Prezidan Biden lan ale nan zòn tankou Rochdale ak Rockaway pou kontinye efò rezilyans yo",

**Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr. te deklare,** "South Queens ak Rockaway Peninsula konnen trè byen enpak devastatè chanjman klimatik ak move tan ka genyen sou kominote nou yo. Pandan tanpèt tankou Sandy, Irene ak Ida kontinye menase minisipalite nou an chak ane, li pa janm te pi enpòtan pou fè kalite investisman katye nou yo bezwen pou evite inondasyon destriktif ak danje eleman polyan yo poze pou fanmi nou yo. Mwen felisite Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a paske li te kanalize envèstisman enfrastrikti vèt ki gen yon valè plizyè milyon dola nan South Queens, pandan y ap santre rezistans ak dirabilite pou elèv ki yon jou pral eritye minisipalite sa a."

**Prezidan Konsèy Vil New York la, Adrienne Adams, te deklare,** "Twòp kominote atravè Vil New York, enkli moun mwen reprezante yo, fè fas ak mank investisman pou enfrastrikti vèt. Enstale nouvo basen byolojik, jaden plivyal, ak lòt estrikti pral non sèlman bese inondasyon ak amelyore kalite dlo, men kontribye nan batay kont chanjman nan klimatik la. Yo t ap tann investisman enpòtan sa yo depi lontan, e mwen kontan dèske Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a te konplete pwojè 13 milyon dola sa a ki pral benefisyè kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak tout ofisyèl eli parèy mwen yo ak lidè kominotè yo pou patenarya yo pou avanse investisman k ap kreye rezistans nan Queens ak Brooklyn."

### **Konsènan GOSR**

GOSR te etabli nan mwa jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee. Atravè Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising (NY Rising Housing Recovery), pwogram Ti Bisnis yo, pwogram Rekonstriksyon Kominotè, pwogram Enfrastrikti ak pwogram Rekonstriksyon apati Konsepsyon li yo, GOSR ap investi 4.5 milya dola nan Sibvansyon Global Devlopman Kominotè federal-Finansman pou Rekiperasyon apre Katastwòf yo pou pi byen prepare New York pou move tan ekstrèm yo. Plis enfòmasyon sou GOSR ak pwogram li yo disponib sou <http://stormrecovery.ny.gov/>.

Grask ak Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising (NY Rising Community Reconstruction, NYRCR) lan ak Pwogram Enfrastrikti yo, Eta a pran yon seri inisyativ ki devlope pandan pwosesis planifikasyon kominotè asandan li pou amelyore rezistans, pwoteje enfrastrikti enpòtan, diminye risk pèt ak domaj ki asosye avèk katastwòf alavni epi redui difikilte.

Kounye a nan faz aplikasyon an, GOSR travay avèk yon seri patnè minisipal, konte ak san bi likratif pou reyalize plizyè santèn pwopozisyon ki konsewa nan nivo lokal.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418